

Sèvis Pride Health NYC Health + Hospitals

Yon anviwònman swen sante ki san danje
epi akeyan pou moun LGBTQ+ yo



Care for NYC. No Exceptions. **NYC
HEALTH+
HOSPITALS**



NOU SE YON ALYE

NYC Health + Hospitals pran angajman pou li **bay moun madivin, masisi, biseksyèl, transjan ak queer+ (LGBTQ+) ki se abitan Vil Nouyòk yo posibilite pou yo viv lavi ki pi an sante posib.** Sistèm sante nou an bay swen ki reyaktif, ki byenveyan epi ki fè avèk respè nan yon anviwònman akeyan. Nou gen yon apwòch ki santre sou pasyan an pou nou garanti yon aksè ki siyifikatif, kèlkeswa lang yo pale a oswa estati imigrasyon yo genyen an. Sèvis tradiksyon disponib.

Antanke yon alye, nou sipòte dwa sivil ak egalite moun ki nan kominote LGBTQ+ la nan sa ki genyen pou wè avèk lasante. Etablisman nou yo gen dwa vizit ouvè pou tout pasyan ak fanmi moun ki nan kominote LGBTQ+ yo — epi nou pa gen zewo tolerans pou diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl.

SWEN SANTE KI ADAPTE A BEZWEN W YO

Nou konprann antanke yon manm kominote LGBTQ+ la, ou gen bezwen ak enkyetid inik pou swen sante. Sèvis Pride Health nou yo founi swen sante ki montre respè bay abitan vil Nouyòk ki nan kominote LGBTQ+ yo. **Pwofesyonèl swen sante ki nan lokal sa yo te resevwa fòmasyon entansif pou garanti yo bay swen ki adapte sou plan kiltirèl la.** Klinisyen nou yo la pou yo adrese bezwen sante ou yo epi pou yo reponn tout kesyon ou yo nan yon anviwònman ki san danje epi akeyan.

SÈVIS NOU YO

- + Swen prensipal, ki genyen ladan l vaksinasyon, terapi òmòn ak referans chirijikal
- + Sèvis sante konpòtman ak referans
- + Pwofilaksi anvan ekspoze (Pre-exposure prophylaxis, PrEP)
- + Pwofilaksi apre ekspoze (Post-exposure prophylaxis, PEP)
- + Tès ak tretman VIH
- + Tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI)
- + Oryantasyon ak enskripsyon asirans
- + Blokaj pibète nan Elmhurst, Jacobi, Judson ak Metropolitan
- + Swen obstetrik ak jinekolojik pou ranfòse ekspresyon seksyèl nan Bellevue, Elmhurst, Gouverneur, Jacobi ak Lincoln; Swen jinekolojik sèlman nan Judson, Metropolitan ak Woodhull





Nou ofri tou **operasyon nan lide pou ranfòse ekspresyon seksyèl (janr yon moun)** nan:

Elmhurst

- + Isterektomi, Ovaryektomi, Ogmantasyon zo pomèt, Jenyoplasti, Refòmasyon zo fwontal, Lifting sousi fwontal, Abèsman liy cheve, Reseksyon ang

Lincoln

- + Enplan tete, Ogmantasyon tete, Mastektomi, Rediksyon tete, Isterektomi, Ovaryektomi, Septoplasti, Jenyoplasti, Refòmasyon zo fwontal, Lifting sousi fwontal, Reyajiste sinis fwontal, Abèsman liy cheve

Jacobi

- + Isterektomi, Ovaryektomi

Metropolitan

- + Enplan tete, Ogmantasyon tete, Mastektomi, Rediksyon tete, Isterektomi, Ovaryektomi, Ogmantasyon zo pomèt, Septoplasti, Jenyoplasti, Refòmasyon zo fwontal, Lifting sousi fwontal, Reyajiste sinis fwontal, Abèsman liy cheve, Rinoplasti, Razaj trache a, Reseksyon ang

Pou aprann plis sou sèvis LGBTQ+, eskane kòd QR ki sou kouvèti dèyè a.

Adrès:

Brooklyn

NYC Health + Hospitals/Woodhull

Laj pasyan an: Adilt (18+)

760 Broadway, Room 2B-151 (Main Floor)

Brooklyn, NY 11206

Telefòn: 718-963-8301

Imèl: valerie.santangelo@nychhc.org

Bronx

NYC Health + Hospitals/Jacobi

Laj pasyan an: Tout laj

1400 Pelham Parkway South, Building 8

1st Floor, Suite 1D, Bronx, NY 10461

Telefòn: 718-918-7787

NYC Health + Hospitals/Lincoln

Laj pasyan an: Adilt (18+)

234 East 149th Street, 8th Floor, Suite 8A

Bronx, NY 10451

Telefòn: 718-579-5264

Manhattan

NYC Health + Hospitals/Bellevue

Laj pasyan an: Adilt (18+)

462 First Avenue, New York, NY 10016

Telefòn: 332-259-0404

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Gouverneur

Laj pasyan an: Adilt (18+)

227 Madison Street, 2nd Floor

New York, NY 10002

Telefòn: 212-441-5469

Imèl: gouvlgbtq@nychhc.org

NYC Health + Hospitals/Gotham Health, Judson

Laj pasyan an: 11 an ak pi gran

34 Spring Street, New York, NY 10012

Telefòn: 212-925-5000, opsyon 2

NYC Health + Hospitals/Metropolitan

Laj pasyan an: Tout laj

1901 First Avenue, OPD Building

1st Floor, New York, NY 10029

Telefòn: 212-423-7292

Imèl: metlgbt@nychhc.org

Queens

NYC Health + Hospitals/Elmhurst

Laj pasyan an: Tout laj

7901 Broadway, Elmhurst, NY 11373

Telefòn: 718-334-LGBT (718-334-5428)

Imèl: elmhurstPRIDE@nychhc.org

Swen pou NYC. San okenn eksepsyon.

Eskane pou w aprann plis
sou sèvis nou yo.



PARTNERS IN
LGBTQ+ CARE



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

nychealthandhospitals.org

LGBTQ@nychhc.org